

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org

Pasaj pou al nan Preskolè

Men ki moun ki ekri atik sa a: *Debbie Glasser, Ph.D., nan Mailman Segal Institute for Early Childhood Studies at Nova Southeastern University. Se li tou ki otè "Positive Parenting," yon kolòn ki soti chak semèn nan Miami Herald.*

Anpil timoun piti kòmanse preskolè yo kounye a pou premye fwa. Si pitit ou a pral kòmanse etap enteresan sa yo – men ki konn pafwa efreyan – nan preskolè, pi ba a w ap jwenn divès fason ou kapab ede yo fè chanjman sa a ak kè kontan, ak anpil siksè:

■ **Bay yon bon kòmansman.** Kite ase tan nan maten pou pitit ou kapab manje dejene l ak plezi epi pou l abiye san l pa santi y ap fè l fè prese. Ba l fè chwà sou sa l ta renmen mete sou li pou l al lekòl ak sa l ta renmen yo mete nan bwat a lanch li. Egzanp : "Èske w vle mete chemiz koulè oranj ou a oswa sa koulè jòn nan?"

■ **Bay rad ki apwopriye.** Klas preskolè se kote ki an dezòd ki chaje ak aktivite desen, jwèt ak lòt aktivite amizan. Abiye pitit ou a ak rad ki fasil pou netwaye epi ki fasil pou chanje.

■ **Yon seri bagay ki bay timoun konfò ki kapab itil.** Nan moman pasaj sa a, gen kèk timoun piti k ap chèche konfò nan kèk bagay yo "ancheri" tankou dra, poupe oswa lòt bagay espesyal. Nan premye jou lekòl yo, pitit ou a kapab jwenn konfò nan bagay sa yo pandan adaptasyon l ap fèt nan nouvo anviwònman sa a. Pale ak direktè lekòl preskolè a sou règleman sou afè timoun genyen ki ba yo konfò yo pote nan lekòl la.

■ **Kominike ak pitit ou.** Ede pitit ou a pou l konnen sa l pral fè pandan jounen an, ni tou nan moman ou pral depeze l ak moman ou pral pase chèche l. Yon egzanp : "Papi pral mennen ou lekòl la nan maten. Ou pral kapab jwe ak zanmi, ale nan lakou kote jwèt yo ye a, chante epi jwe ak anpil jwèt. Apre, se mwen k ap vin chèche w apre w fin fè yon ti dòmi." Lè fini tou, li sèten liv sou timoun ki lekòl, pou l ka konnen a ki sa l dwe atann li.

■ **Kominike ak pwofesè a.** Pataje enfòmasyon sou alèj ak kondisyon medikal ki egziste ansanm ak pwofesè a plis ekip lekòl la. Epi tou pale de sa ki entereze pitit ou a, yon fason pou pwofesè a kapab konnen l pi byen. Egzanp: "Ana renmen avyon anpil. L ap vle pou l chèche yo lè li nan lakou jwèt la." Oswa : "Lè Mak swaf, l ap di 'monad' si se limonad li vle. Sa va vle di li ta renmen bwè yon bagay." Ositou, kite pwofesè a konnen ki jan pitit ou a chèche mete l alèz nan moman difisil.

■ **Rele pozitif.** Lè lè a rive pou di orevwa, bay yon ti akolad pou asire timoun nan ; souri ba li. Swete l pase yon bon joune epi esplike l w ap tounen apre lekòl la. Si pitit ou a gen difikilite pou l separe avè w, pale ak

pwofesè a oswa direktè lekòl la, sou fason timoun nan ka santi l rekonfòte nan moman "orevwa" yo.

■ **Patisipe.** Asiste konferans paran-pwofesè ak evènman pou lafanmi ki fèt lekòl la. Se pou w patisipe nan edikasyon pitit ou a kounye a, epi pandan tout lavi. Fè tchèk regilyè pou kab asire w pitit ou a ap adapte l byen nan klas preskolè a, epi l ap fè bon jan eksperyans.

Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann rejisi. Se kon sa y aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann renmen menmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann renmen menmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li.

Chèche ekilib ant pri gadri pou timoun ak kalite sèvis la

Pou anpil paran k ap travay, li pa fasil pou yo jwenn bon kalite gadri pou pitit yo a yon pri rezonab. Li enpòtan anpil pou paran yo pa sèvi ak pri pou detèmine ki kote yo pral bay gade pitit yo, poutèt rezilta rechèch ki montre kouman nan twa premye ane nan lavi yon timoun kouman moun k ap okipe timoun nan ka enfluyans devlopman sèvo li.

Lè w soti pou w al dèyè bon jan gadri pou bay okipe pitit ou, chèche kote ki bay chak anplwaye mwens timoun pou yo okipe ak tout kalite bagay pou timoun nan sèvi, kote ki gen anpil dekorasyon ak anpil jwèt ki fèt pou laj timoun nan. Tcheke pou wè si Leta rekonèt kote a epi si kote a gen lisans pou fè travay la. Tcheke pou wè si anplwaye yo resevwa fòmasyon nan kesyon okipe timoun piti epi ou pa bezwen pè mande pou yo montre w diplòm yo ak lisans yo. An menm tan tou, pandan w ap vizite kote ou entereze bay gade pitit ou yo, poze tèt ou kesyon sa yo: Èske moun k ap travay nan kote sa yo sanble yo kontan fè travay y ap fè a? Èske pitit mwen an ap santi l byen lè l vin nan kote sa a? Èske kote a pwòp epi èske li an sekirite? Èske moun k ap travay nan kote a respekte lang fanmi mwen, kiliti li ak valè li? Èske yo ta kontan mwen pase vin wè pitit mwen nan gadri a nenpòt lè lide m di m?

Pri gadri se bagay ki enpòtan, men pa negosye kalite gadri a pou pri. Si w ap eseye fè ekonomi nan kesyon swen ou bezwen pou pitit ou, sa ka koute w pi chè pi devan.

Modesto E. Abety
Prezidan ak CEO
The Children's Trust

Men sa ki nan ti journal sa a

Fason pou fè yon liv sou istwa fanmi an	2
Paran se premye pwofesè timoun	2
Men kèk bagay ki ka fè nou reflechi	2
Parenting School-Age Children	3
Bon plezi sennesòf nan solèy	4
Amizman ak sab	4
Kalandriye Aktivite	4



MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Oganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



Fason pou fè yon liv sou istwa fanmi an

Men Otè atik sa a: By Lisa Blair, Direktè egzekitif Miami-Dade Family Learning Partnership

Liv istwa yon fanmi ede paran ak pitit yo rakonte esperyans yo fè ki te make yo. Liv sa yo fasil pou fèt epi yo pèmèt fanmi an amize yo pandan lontan. Lè w fè yon liv istwa fanmi an ansanm ak pitit ou yo, se istwa fanmi an w ap konstwi. Met sou sa, w ap ankouraje timoun yo vin renmen liv epi renmen fè lekti epi sa pral ankouraje devlopman lang pitit ou epi fè yo aprann li ak ekri.

Yo ka fè liv sa yo ak papye, ak kreyon koulè, ak desen timoun yo fè, oubyen ak foto. Ni timoun ni granmoun ka ekri kichòy pou mete nan liv la epi yo ka pale de istwa yo ansanm. Men kèk konsèy ou ka suiv pou fè yon liv istwa pou fanmi an ni wou ni timoun yo ka apresye:

Kèk konsèy pou fè yon liv istwa pou fanmi an

Sijesyon sa yo ap pèmèt liv istwa fanmi ou dire lontan – epi y ap pèmèt ou pran plezi ansanm ak pitit ou pandan n ap fè liv la.

Prepare materyo ou bezwen yo

■ Reflech sou istwa fanmi an ak kèk istwa ou ta vle rakonte timoun yo. Reflech sou souvni ou genyen de fanmi ou epi ki souvni danfans ou ta renmen pitit ou genyen. Sa fanmi an fè chak jou ak aktivite fanmi an mennen kapab sèvi kòm egzanp pou kreye kèk istwa.

■ Sèvi ak bon jan materyèl ki pap fade apre yon sèten tan ak sa ki pa gen asid ladan yo. Li pi bon si w sèvi ak papye koulè. Sanble tout materyo sa yo ansanm: lakòl, sizo, règ, kreyon, gòm, zouti pou fè twou nan papye, kamera, klasè pou kouvèti liv istwa a. Toujou voye je sou timoun pitit lè y ap sèvi ak materyèl atis sèvi.

■ Pran foto kèk moun nan fanmi ou pandan y ap fè aktivite sa yo: leve nan kabann, manje, jwe, ak foto lè yo pral dòmi leswa. Li ta bon tou si nou pran fòm men ak pye timoun yo an papye pou mete nan kèk paj nan liv la.



Preparasyon liv istwa fanmi an

■ Fè liv la tankou yon dosye sou sa k pase nan vi fanmi an chak jou. Sèvi ak souvni ou genyen ak atik espesyal ou te gen sèvi.

■ Sèvi ak anpil foto pou rakonte kèk istwa. Chèche plizyè fason pou prezante foto yo epi sèvi ak tout kalite materyèl ki enteresan.

■ Ekri kèk ti istwa sou foto yo pou prepare yon dosye sou jan fanmi an viv, sa ka fè fanmi an sonje jan sa te ye lontan epi sa ka fè yo rakonte kèk istwa.

■ Fè lis jwèt timoun yo renmen jwe anpil ak aktivite yo renmen fè epi dekore lis la ak travay atistik. Mete l nan liv la ansanm ak foto timoun k ap jwe ki soti nan yon magazin oubyen sèvi ak foto timoun yo ki montre kote y ap jwe jwèt yo pi renmen jwe.

■ Fè yon paj ki montre kote fanmi an ap fè yon seri aktivite tankou: fè egzèsis, jwe nan lakou, jwe boul, fè piknik, fè manje epi fè lekti.

■ Anwètan foto yo ak desen yo, sèvi ak kèk foto ou jwenn oubyen pitit ou jwenn nan magazin yo ak katalòg yo.

Fè zanmi, premye pati: Paran se premye pwofesè timoun

Diane Goldman pou Peace Education Foundation.

Yon teknik ki enpòtan pou tout timoun aprann, se konnen ki jan pou yo gen zanmi epi pou yo kenbe zanmi sa yo. Timoun ki aprann pou trete lòt ak jantiyès epi ki rezoud pwoblèm ki genyen ant yo, ap gen plis siksè nan lekòl yo ak nan lavi a.

Anpil paran ap mande tèt yo ki sa yo ka fè pou yo montre pitit yo ki jan pou yo vin bon zanmi. Men kèk sijesyon:

■ **Montre** yo a ki sa “zanmitay” sanble, lè yo sèvi kòm bon zanmi pou lòt. Lè timoun yo ap gade ou menm paran ki pase ti tan ak zanmi granmoun parèy ou – swa n ap pale nan telefòn, swa nou chita manje ansanm oswa n ap amize n ansanm jou fèt yo – se aprann y ap aprann jan pou yo sèvi ak lòt, jan yo dwe

kapab koute lòt, jan po you vin yon bon zanmi.

■ **Di** yo ki jan yo kab yon bon zanmi epi sèvi ak mo “zanmi” an, pou pale de moun ou sousye de yo. Pa egzanp: “Entèl se zanmi m. M pral rele l jodi a pou m konnen ki jan l ye.” “M pral ranje machin nan ak zanmi m Tijan.” “Jodi a, nou pral sou plas la ak zanmi n yo.”

■ **Li** liv ki pale sou zanmi. Pale de istwa moun ki nan liv la epi pale de ki fason yo fè zanmi epi ki jan yo kenbe zanmi. Egzanp : “Sanble l kontan paske zanmi l la chita bò kote l nan bis la.” Mande bibliyotèk nan zòn ou a pou l rekòmande ki liv sou zanmitay ki genyen pou timoun ki nan laj pitit ou a. Men kèk sijesyon :

Se oumenm ki premye pwofesè pitit ou e ki gen plis enfliyan sou li ; sa vle di y ap gad sou ou. Poze tèt ou kesyon tankou :

“Ki jan m dwe pale ak zanmi m yo?”

“Ki sa m fè ak zanmi m yo?”

“Èske m se yon bon zanmi? Ki sa m fè pou m montre sa?”

“Ki jan m santi m lè m ak zanmi m?”

“Èske m fè zanmi m yo konnen mwen sousye de yo ?”

“Èske m fè pitit mwen an konnen mwen sousye de zanmi m yo?”

Gen anpil fason nou kab fè pitit nou aprann sa sa vle di zanmitay.

Lòt mwa : Fè zanmi/Dezyèm pati : Randevou pou al jwe.

Men kèk bagay ki ka fè nou reflechi

Men ki moun ki ekri atik sa a: Sheah Rarback, M.S., R.D. Mailman Center for Child Development at the University of Miami.

Lè n ap chwazi yon sant laswenyay pou timoun, pa sèlman chache konnen ki kantite timoun ki nan yon klas, ki fòmasyon pwofesè yo genyen ak ki kalte aktivite yo fè, mande enfòmasyon tou sou manje yo bay ak fason yo nourri timoun nan.

■ Timoun piti gen yon ti vant tou piti e yo bezwen manje pi souvan pase granmoun. Timoun ki nan sant swen pou timoun dwe manje omwen chak twazèdtan. Anpil anpil timoun manje yon gwo repa, nan lajounen pi plis, epi apre sa yo pran yon oswa de repa lejè. Kòm timoun piti mande yon sistèm nitrisyon ki wo, repa lejè y ap manje dwe gen vitamin nitritif, olye pou yo ta fèt san kalori.

■ Timoun ki okipe nan yon aktivite bezwen bwè anpil dlo. Ou dwe sèten timoun yo jwenn ase manje pou yo manje ak ase bwason pou yo bwè.

■ Moman repa yo enpòtan pase kesyon nitrisyon limenm. Lè fini tou, moman sa yo amizan ; yo gen aspè sosyal epi yo itil tou pou kesyon edikasyon. Èske timoun yo jwenn ase tan pou yo manje ? Èske pwofesè yo chita avè yo sou tab la pou ankouraje konvèsasyon fèt ? Moman repa yo, se bon bon opòtinite pou pale sou manje, koulè, gou ak konpozisyon diferan kalte manje. Se pou n asire n pwofesè yo p ap fòse timoun yo fin manje tou sa ki nan asyèt yo, ni tou yo pa itilize desè a tankou yon rekonpans pou timoun ki gen “bon” konpòtman.

■ Lapwòpte konte. Èske yo montre timoun yo ki jan pou yo lave men yo anvan yo manje ? Èske yo pwòpte asyèt yo apre repa yo ? Prekosyon sa yo kapab anpeche sèten maladi anpil timoun ta kab trape lè y ap kòmanse pran swen nan yon sant.

■ Bon jan gadri dwe nourri ni kò yon timoun ni lespli li. Pale ak manm ekip swen pou timoun kote pitit ou a ye a, sou ki jan yo ankouraje bon abitud pou manje ki bay lasante ak fason yo mete bon anviwònman sennesof pou timoun ni aprann ni grandi.

Wòl paran yo anvè timoun ki nan laj pou ale lekòl



MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan investisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.



Kouman pou w chwazi yon bon kote pou bay gade pitit ou apre lekòl

Ete a fini, li lè pou anpil paran jwenn bon jan pwogram pou bay gade pitit yo apre lekòl. Men yon lis ou ka sèvi pou ede w jwenn yon pwogram pou gade pitit ou apre lekòl ki an sekirite epi ki ka ede nan devlopman li.

■ Relasyon yo

Anplwaye yo:

- ✓ Trete tout timoun yo ak respè epi pòte atansyon a sa yo di.
- ✓ Respekte lang timoun yo pale lakay yo ak kilti yo.
- ✓ Ankouraje timoun yo fè chwa ki mache ak fason y ap devlope.
- ✓ Poze timoun yo kesyon ki fè yo reflechi chak nan fason pa yo.
- ✓ Sèvi ak teknik ki pozitif pou gide timoun yo nan konpòtman yo.
- ✓ Pa janm disipline timoun yo di oubyen kraponnen yo.
- ✓ Kominike ak fanmi yo yon fason ki pozitif, epi ak anpil respè.

- ✓ Akeyi fanmi yo byen epi mete fanmi yo alèz lè yo vini nan gadri a.
- ✓ Travay byen ansanm pou yo bay timoun yo ak paran yo sèvis yo merite.
- ✓ Kominike ansanm pou yo sèten pwogram yo ap mache byen.

Timoun yo:

- ✓ Sanble kè yo kontan epi yo anvi jwe!
- ✓ Sanble kè yo poze epi y ap jwe ansanm.
- ✓ Akouraje timoun yo pou yo fè zanmi youn ak lòt.

■ Jan atmosfè a ye anndan gadri a

- ✓ Espas ki anndan gadri a byen òganize, gen aktivite enteresan pou timoun yo epi timoun yo jwenn sa yo bezwen.
- ✓ Jwèt yo, liv yo ak materyèl ki nan gadri yo pwòp epi yo an bon eta.
- ✓ Gen ase espas pou tout aktivite yo fè nan pwogram nan.
- ✓ Espas la bon pou timoun yo deplase al mache chèche san danje.
- ✓ Anndan gadri a gen bagay ki enterese timoun yo ak travay yo fè toupatou, tankou travay atistik yo fè ak pwojè yo fè, yo mete yo ann espozisyon.

■ Nan lakou lekòl la

- ✓ Kote timoun yo jwe nan lakou a gen ekipman ki an sekirite epi ki pèmèt timoun yo jwe poukont yo jan yo vle.
- ✓ Ekipman pou timoun yo jwe ki enstale nan lakou a yo, yo bon pou gwosè timoun yo ak sa yo gen kapasite pou yo fè.
- ✓ Chak timoun gen chans pou yo jwe nan lakou a pandan

omwen 30 minit chak 3è d tan yo nan pwogram nan.

■ Aktivite yo

- ✓ Horè timoun yo fleksib epi timoun yo gen plizyè chwa, pwogram nan akouraje endepandans yo epi motive yo nan sa yo ka fè.
- ✓ Timoun yo ka patisipe nan aktivite ki mande pou yo reflechi epi ki fè yo aprann plis.
- ✓ Timoun gen chans pou yo fè mouvman ak kò yo ak aktivite ki pa akademik.
- ✓ Aktivite yo bon pou laj timoun ki nan pwogram nan yo.
- ✓ Materyèl timoun yo sèvi nan pwogram nan bon pou laj yo.

■ Pwoteksyon, Sante ak Nitrisyon

- ✓ Timoun yo jwenn bon jan pwoteksyon nan kote sa a.
- ✓ Nan kote timoun yo travay la pa gen anyen ki prezante yon danje pou yo.
- ✓ Kote timoun yo sèvi yo pwòp ni anndan ni deyò.
- ✓ Yo gen bon dosye sou règleman yo genyen nan gadri a sou sekirite ak sante epi tout anplwaye yo ak paran yo jwenn bon ransèyman sou règleman sa yo.
- ✓ Yo sipèvize timoun yo byen.
- ✓ Anplwaye yo konnen ki lè timoun yo dwe rive, ki lè yo dwe ale, epi ki moun ki dwe vin chèche yo.
- ✓ Yo bay timoun yo ti goute pou pase nan bouch yo ki bon pou sante yo.

■ Administrasyon an

- ✓ Klas yo pa gen anpil timoun.
- ✓ Yo gen oryantasyon pou fanmi ki fèk mennen pitit yo.
- ✓ Yo akouraje fanmi timoun yo pou yo pase wè timoun nan nenpòt lè pandan jounen an.
- ✓ Anplwaye yo bay paran yo enfòmasyon sou resous ki nan kominote a ki ka itil paran yo ak pitit yo.
- ✓ Règleman pwogram nan ann akò ak sa timoun yo ak paran yo bezwen.
- ✓ Lè pwogram nan ouvè yo, yo bon pou fanmi an.

Kou w fin chwazi pwogram nan, pran san w epi bay pitit ou yon ti tan pou l abitye ak anplwaye yo ak kote a. Fè plan pou w pase gade kouman pwogram nan ap mache. Pase yon ti moman pou obsève jan anplwaye yo travay ak pitit ou pou w ka sèten kote ou chwazi a se yon kote ki an sekirite ki ap ede timoun nan devlope epi ki bay fanmi an kè poze.

Enfòmasyon sa yo ann akò ak estanda Asosiyasyon Nasyonal pou pwogram ki okipe timoun apre lekòl "National After-School Association (formerly National School-Age Care Alliance)". Si w bezwen plis ransèyman sou estanda yo, ale nan sit wèb sa a: www.nsaca.org.

Bon plezi sennesòf nan solèy

Men ki moun ki ekri atik sa a: Elizabeth Vainder, MD, ansanm ak Lee Sanders, MD, Depatman Pedyatri nan Inivèsite Miami.

Epòk pou moun naje, se sezon ki dire pandan tout yon lane nan Florida. Men kèk konsiy sekirite ki ka pèmèt ou menm ak manm fanmi w kontan pase moman agreyab, san danje nan solèy, chak mwa ki nan ane a:

- Pa janm kite pitit ou poukont li bò kote yon pisin oswa kote k gen tiyo ki ouvè, menm pou yon moman. Premye ka lanmò nou rankontre nan Florida se timoun piti ki mouri neye. Toujou fè yon jan pou gen yon granmoun k ap sipèviz epi toujou rete nan distans pou gentan lonje bra w pran timoun nan sizoka.

- Mete yon kloti toutotou pisin ou pou separe kay ou ak pisin nan. Kloti sa a dwe monte nan kat fasad pisin nan epi li dwe omwen 4 pye wotè. Ou dwe asire w seri yo nan yon wotè timoun nan pa ka rive. Sa k ta pi bon, se ta pou kloti a gen yon seri kote li ka fèmen poukont li. Si w ta mete yon espès kouvèti pou pisin nan kòm pwoteksyon, sa t ap ajoute plis sekirite nan espas kote pisin nan ye a, men

kouvèti sa a pa dwe janm ranplase kloti a. Nan zòn kote pisin nan ye a, toujou kite ekipman sovaj tankou yon jilè sovaj oswa gòl ki fèt pou rale moun k ap neye pre pisin nan.

- Aprann bay premyè swen ak ki sa ou dwe fè nan ka ijans lè yon moun ap neye. (Kontakte American Red Cross pou kou yo bay, nan nimewo 305-644-1200.)

- Si w ap planifye yon fèt bò pisin, se pou asire w tout paran ap rete nan fèt la pou yo ka pran responsab pou veye pitit yo.

- Nou dwe pase Krèm kont solèy 30 minit anvan nou parèt nan solèy la epi chak dezèdan, pou pi plis pwoteksyon.

- Pou timoun ki gen mwens pase 6 mwa, nou dwe fè tout posib nou pou n pa rete avè yo kote solèy la ap frape yo dirèkteman. Chèche kote k gen lonbraj pou rete avè yo epi mete yon chapo sou tèt yo pou pi plis pwoteksyon. Pou tibebe, se krèm kont solèy ki gen oksid zenk ladan l ki ta pi bon. Mande pedyat tibebe a, a ki laj ou ka kòmanse pase krèm kont solèy sou li.

- Se pou asire w gen dlo ki la pou timoun k ap jwe nan lakou a. Plis yon timoun piti se plis li ka dezidrate pi vit. Toujou gen dlo bò kote w toutan.

Kwen Atis

Amizman ak sab

Men ki moun ki ekri atik sa a: Kristin Reed nan Miami Children's Museum.

Florida se kote moun konnen ki gen anpil plaj ak sab ladan yo. Oumenm ak tout pitit ou kapab aprann bagay ki amizan sou sab nan Eta nou an, etan n ap amize n ansanm.

Lapwochèn fwa ou pral nan plaj, pran tan gade sab la ak pitit ou. Pale de koulè sab la, de gwosè l ak jan l ye. Mande timoun yo pou yo devine ki jan sab fòme.

Men kèk reyalyte sou Sab nou kab pataje:

- Sab fòme lè van ak lapli kase moso wòch ak moso kokiy fè yo tounen ti zuit.
- Nan yon ti bokit pitit plen sab plaj, kapab genyen 3 milya edmi grenn sab.
- Yon bokal manba nòmral ak yon sandwich jele kapab genyen plis pase 7 000 grenn sab ladan yo ki soti nan dwèt nou ki gen sab ak lòt grenn sab van bwote.

- Gen sèten pil sab van ap bwote vini ki konn fè kèk bri dwòl tankou se souflèt k ap soufle oswa gwondman, japman e kèk fwa menm bri krapo.
- Devine ki sa ki fèt ak sab? Siman, asfalt, brik, loup, lim pou zong, siman, twotwa, brick, loup, vit fenèt, seramik, bagay ki fèt an vè, vèsèl, blòk pou lakou, lat bwa pou do kay, papye sable.

Aprann plis bagay sou sab ki nan lakou lakay ou. Men yon liv pou mande bibliyotèk zòn ou an liv sa a: Sand. Se Ellen J. Prager ki ekri l, Nancy Woodman fè desen ki ladan n.

Men yon ti espyans tou bèt ou ka eseye fè lakay ou ak sab:

Mete de bonbon anndan yon sache plastik ki transparan. Epi kite timoun yo kraze yo nèf fè miyèt ! Men anvan menm ou kòmanse, esplike timoun yo ki jan ou ta renmen yo kraze bonbon yo. Yo dwe fwote yon bonbon ak lòt la oubyen kraze sachè a ak yon men, oswa lage l atè. Apre l fin kraze kon sa, mande yo ki sa l sanble kounye a. Se kon sa sab fòme lè van ak dlo al frape nan wòch yo.

Kalandrive Aktivite

**Nou envite w! Sware pou mize. Antre lib, nan Miami Children's Museum
20 out rive 17 septanm
6:30 - 8:30 p.m.**

Vin jwenn ak nou ansanm ak fanmi w, chak twazyèm vandredi nan yon mwa pou kab amize w nan yon seri aktivite ki nan mize pou timoun Miami Children's Museum, kote n ap jwenn pou n glise atravè Chato rèv an sab twa etaj nou an. Adrès mize a se 980 MacArthur Causeway, Miami, 305-373-kids (5437),

www.miamichildrensmuseum.org

Patisipe Nan ti Jounal sa a...

Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon.

Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi.

- Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo.
- Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave, Miami, Fla 33129.

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation
(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)

De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Edite ti jounal sa a se:

Ana de Aguiar (305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon jounal sa a se:

Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665